

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Geometry*

### Chapit 9 Triyang Dwat ak Trigonometri

Nan Chapit 9, ou te aprann kouman pou itilize mwayen jewometrik ak dimansyon endirèk pou rezoud pwoblèm ki gen triyang dwat sanblab . Ou te itilize Teyorèm Pitagò ak resipwòk li pou rezoud pwoblèm yo. Ou te jwenn longè kote triyang dwat espesyal. Ou te jwenn rapò sini, kosinis, tanjant epi ou te itilize yo pou rezoud pwoblèm lavi reyèl. Anjen ou te jwenn grandè ak direksyon vektè ak vèktè ajoute.

*Ale nan Chapit Revizyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 582 nan liv la.*

#### Leson 9.1 Triyang Dwat Sanblab

Premye objektif Leson 9.1 se pou rezoud pwoblèm ki gen triyang dwat sanblab ladan yo lè se ak altitud yo tire nan ipoteniz yon triyang dwat yo fòme triyang sa yo. Sonje byen, ou ka itilize nenpòt kote yon triyang dwat kòm altitud nan fòmil sipèfisi a.

Dezyèm objektif Leson 9.1 se pou itilize mwayen jewometrik pou rezoud pwoblèm. Egzanp lan montre kouman pou jwenn mwayen jewometrik yon triyang. Lè w gade chema a, ou ka wè  $\triangle ACB \sim \triangle CDB$ , kifè,  $\frac{DB}{CB} = \frac{CB}{AB}$ .  $CB$  se mwayen jewometrik  $DB$  ak  $AB$ .

*Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 3. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 528 a 530 yo.*

#### Leson 9.2 Teyorèm Pitagò

Tèm ki enpòtan pou konnen an se: *Pitagò trip (3 fwa)*.

Premye objektif Leson 9.2 se pou demontre Teyorèm Pitagò a. Egzanp lan montre kouman pou itilize teyorèm Pitagò a pou jwenn valè  $r$  lè w gen longè de (2) lòt kote triyang lan. Piske triyang lan se yon triyang dwat, kare longè ipoteniz la, oswa  $17^2$ , egal sòm total kare longè de (2) lòt kote yo oswa  $r^2 + 15^2$ . Ou jwenn  $289 = r^2 + 225$  lè w senplifye li. Lè w fè soustraksyon 225 sou chak bò, sa bay  $64 = r^2$ , kifè  $r = 8$ . Longè kote yo 8, 15, ak 17 fòme yon Pitagò trip paske se chif antye yo ye.

Sonje genyen triyang dwak kipa pitagò trip.

*Koulye a eseye, Egzèsis 4 a 7. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 536 a 537 yo.*

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Geometry*

### Leson 9.3 Resipwòk Teyorèm Pitagò a

Premye objektif Leson 9.3 se pou itilize Resipwòk Teyorèm Pitagò a pou rezoud pwoblèm. Resipwòk Teyorèm Pitagò a fè konnen pou  $\triangle ABC$ , si  $c^2 = a^2 + b^2$ , lè sa a  $\triangle ABC$  se yon triyang dwat.

Dezyèm objektif Leson 9.3 se pou itilize longè kote yo pou klasifye triyang daprè dimansyon ang yo. Sipozon  $a$ ,  $b$ , ak  $c$  reprezante longè kote yo, epi  $c$  se longè konte ki pi long lan. Remake si  $c^2 < a^2 + b^2$ , triyang lan egi.  $12^2 < 8^2 + 9^2$ , kifè 8, 9, ak 12 se longè kote yon triyang egi. Si  $c^2 > a^2 + b^2$ , triyang lan *obti*.

***Koulye a eseye, Egzèsis 8 a 11. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 543 a 545 yo.***

### Leson 9.4 Triyang Dwat Espesyal

Yon tèm ki enpòtan pou konnen se: *triyang dwat espesyal*.

Premye objektif Leson 9.4 se pou jwenn longè kote triyang dwat espesyal, triyang ki mezire  $45^\circ$ – $45^\circ$ – $90^\circ$  oubyen  $30^\circ$ – $60^\circ$ – $90^\circ$ . Remake pou yon triyang  $45^\circ$ – $45^\circ$ – $90^\circ$ , ipoteniz lan =  $\sqrt{2}$  • longè yon kote. Longè yon kote se 6, epi longè ipoteniz lan se  $6\sqrt{2}$ . Pou yon triyang  $30^\circ$ – $60^\circ$ – $90^\circ$ , ipoteniz lan = 2 • kote ki pi kout la tandiske kote ki pi long lan =  $\sqrt{3}$  • kote ki pi kout la. Longè ipoteniz lan, 8, se de (2) fwa longè kote ki pi kout la, 4.

***Koulye a eseye, Egzèsis 12 a 15. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 551 a 553 yo.***

### Leson 9.5 Rapò Trigonometrik

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *rapò trigonometrik, sinis, kosinis, tanjant ak ang elevasyon*.

Premye objektif Leson 9.5 se pou jwenn sinis, kosinis, ak tanjant yon ang egi. Egzanp lan montre kouman pou jwenn sinis, kosinis, ak tanjant  $\angle X$ . Sin  $X$  = kote opoze a,  $X$ , divize pa longè ipoteniz la, oswa 20/29. Kos  $X$  = kote adjasan a  $X$  la divize pa longè ipoteniz la, oswa 21/29. Tanjant  $X$  = kote opoze a,  $X$ , divize pa kote adjasan a  $X$  la, oswa 20/21.

Ekspresyon sin  $45^\circ$  vle di sinis yon ang ki mezire  $45^\circ$ .

***Koulye a eseye, Egzèsis 16 a 18. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 558 a 561 yo.***

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell Geometry

### Leson 9.6 Kouman pou Fè Solisyon Triyang Dwat

Yon tèm ki enpòtan pou konnen se: *fè solisyon triyang dwat*.

Premye objektif Leson 9.6 se pou fè solisyon yon triyang dwat. Pou fè solisyon  $\triangle ABC$ , kòmanse pa itilize teyorèm Pitagò a pou jwenn longè ipoteniz la.  $c^2 = 10^2 + 15^2 = 325$ , kifè  $c = \sqrt{325} = 5\sqrt{13}$ . Answit jwenn  $m\angle A$  ak  $m\angle B$ . Tanjant  $A = \frac{10}{15} = \frac{2}{3}$ . Itilize yon kalkilatè pou jwenn  $m\angle A \approx 33,7^\circ$ . Lèfini,  $m\angle B = 90^\circ - m\angle A$ . Answit  $90^\circ - 33,7^\circ = 56,3^\circ$ , kifè  $m\angle B = 56,3^\circ$ .

Dezyèm objektif Leson 9.6 la se pou itilize triyang dwat pou rezoud pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou jwenn ang aterisaj ak altitud yon anjen espasyal.

**Koulye a eseye, Egzèsis 19 a 21. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 568 ak 569 yo.**

### Leson 9.7 Vektè

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *grandè yon vektè, direksyon yon vektè, vektè egal, vektè paralèl, ak sòm de (2) vektè*.

Premye objektif Leson 9.7 se pou jwenn grandè ak direksyon yon vektè. Grandè yon vektè  $PQ$  se distans depi pwen inisyal la  $P$  jiska pwen final la  $Q$ , epi men kouman yo ekri li  $|\overline{PQ}|$ . Si w trase yon vektè nan yon plan kowòdone, ou ka itilize Fòmil Distans lan pou jwenn grandè li. Kifè,  $|\overline{PQ}| = \sqrt{(8-2)^2 + (10-2)^2} = \sqrt{6^2 + 8^2} = \sqrt{100} = 10$ .

Dezyèm objektif Leson 9.7 se pou adisyonen vektè. Pou adisyonen vektè, jwenn sòm total pati orizontal yo ak sòm total pati vètikal yo.  $\overline{PQ} + \overline{OT} = \langle 6, 8 \rangle + \langle 8, -2 \rangle = \langle 6 + 8, 8 + (-2) \rangle = \langle 14, 6 \rangle$ . Sonje byen pou prete anpil atansyon a direksyon vektè a lè w ap reprezante li ansanm ak pati konpozan li yo.

**Koulye a eseye, Egzèsis 22 a 25. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 573 a 575 yo.**